



Pou Piblikasyon Imedya: 20/02/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY DETAY SOU REFÒM ETIK NAN AMANNMAN BIDJÈ 30 JOU A

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te prezante refòm enpòtan pou lwa ak regleman etik Eta New York. Refòm yo rantre nan amannman 30 jou yo nan Bidjè Egzekitif 2015-2016 la.

“Nou dwe pwouve yon lòt fwa ankò yo ka fè gouvènman eta a konfyans, epi sa vle di vote nouvo lwa etik sevè epi kreye yon sistèm ki dekouraje, detekte ak pini endividi kap chèche fè abi ak koripsyon,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Nou dwe pote espikasyon nan fè nwa etik. Nouyòkè yo pa merite mwens pase sa.”

Pwopozisyon amannman 30 jou sa yo chita sou lòt refòm etik ki deja rantre nan Bidjè Egzekitif Gouvènè a, ki gen ladann limit sou kontribisyon kanpay, otorizasyon yon nouvo sistèm finansman piblik pou eleksyon ak eliminasyon echapatwa LLC a.

Nouvo egzijans pou mete enfòmasyon deyò

Otorite piblik pral blije mete deyò tout revni yo ranmase deyò, kiyès ki bay yo l, vre sèvis yo bay pou resevwa revni an epi si gen yon koneksyon kèlkonk ak gouvènman eta a oswa biwo a yo ladann ak travay y ap fè a. Espesyalman :

- Tout otorite piblik dwe pibliye nati chak sous konpansasyon deyò ki gen yon depasman \$1,000.
- Ankenn manm oswa anpwaye lejislati pa otorize resevwa yon konpansasyon kèlkonk anrapò ak yon pwojè lwa oswa rezolisyon ki aletid. Mete sou sa, ankenn lejislatè oswa anpwaye lejislatif pa otorize refere endividi kap fè lòbi oswa plede pou yon lwa pwopoze oswa aletid bay fim oswa biznis kote lejislatè a oswa anpwaye lejislatif la afilye tou.
- Avoka, ajan imobilye ak sèten lòt pwofesyonèl dwe founi yon deskripsyon sèvis yo resevwa konpansasyon pou yo ak sous konpansasyon an.
- Tout otorite piblik ki pèsònèlman ofri sèvis oswa ap travay kòm yon manm oswa anpwaye yon biznis oswa fim, epi ap resevwa konpansasyon ki depase \$5.000 nan men yon kliyan, dwe mete deyò enfòmasyon sou kliyan sa, sèvis ki bay yo ak si sèvis yo gen pou wè ak aksyon gouvènmanal lwa ki aletid.
- Egzijans pou mete deyò revni deyò pral aplike pou tout finansman kapital diskresyonèl.

Pwopozisyon sa pral ogmante tou amann sizoka lwa a pa respekte. Dapre lwa aktyèl la, yo pa ka jije moun poutèt yo depoze fo dokiman dapre Lwa Penal la. Dapre refòm Gouvènè a pwopoze a, yo ka jije otorite yo pa sèlman poutèt yo fè yon fo deklarasyon sou enfòmasyon finansye men pou lòt deli, menm jan. Epitou, pwopozisyon an ap anpeche tout moun ki koupab yon deli poutèt li pat mete deyò enfòmasyon dapre lwa sou piblikasyon finansye apre senk lane nan yon travay nan yon biwo piblik, oswa jiska 10 lane petèt si yon pledwaye deli te yon lejitime defans.

Pwopozisyon sa ta va amande tou Lwa sou Otorite Piblik yo pou anpeche espreseman lejislasyon reprezante antite nan zafè lejislatif oswa refere zafè lejislati sa yo nan fim yo. Li ta va amande tou Lwa sou Lòbi a pou kouvri lòbi minisipalite ki gen yon popilasyon 5.000 oswa plis moun – lwa aktyèl la tabli nan minisipalite ki gen yon popilasyon 50.000 moun oswa plis.

Konfiskasyon Pansyon

Otorite piblik ki koupab koripsyon piblik pa dwe gen kontribiyab ka peye pou retrèt yo. Pwopozisyon sa pral amande Konstitisyon Eta New York la (ak lwa sou konfiskasyon pansyon ki gen pou wè ak sa eki te pibliye nan lane 2011) pou aplike lwa sou konfiskasyon pansyon New York pou otorite piblik ki te rantrè nan sistèm retrèt la anvan piblikasyon lwa sou konfiskasyon pansyon an nan lane 2011.

Refòm Per diem

Pwopozisyon sa pral fini pratik move itilizasyon per diem kòm sipleman salè degize. Spesifikman, lejislasyon ak otorite eli nan tout eta a ta va resevwa ranbousman depans vwayaj rezonab ak nesèsè sèlman, kote resi dwe remèt, ki ta fèt pandan y ap egzekite travay yo nan menm kadans la jan sa otorize pou anwaye eta a.

Epitou, pwopozisyon an ta va rann refòm sa yo operasyonèl. Biwo Kontwòl Eta a pral entèdi ranbousman depans pou yon manm lejislati a oswa otorite eli yo atravè eta a jiskaske yo respekte kondisyon elaji pou piblikasyon. Mete sou sa, yo mete nouvo plafon sou kantite ranbousman ki otorize dapre lwa a nan menm nivo ak plafon yo ki aplike pou kounye a pou tout lòt anwaye eta a. Pwopozisyon sa anile tou lwa aktyèl ki bay gwo lidè lejislatif anpil diskresyon pou elaji ak ogmande perdiem.

Piblikasyon Finans Kanpay

Pwopozisyon an pral kontinye ogmante egzijans la pou mete deyò depans endepandan pou rantrè ladann depans endepandan sou kominikasyon ki fèt nan 60 jou anvan yon eleksyon jeneral oswa espesyal, ak 30 jou anvan yon eleksyon primè pou referans yon kliyan ki idantifye aklè. Pwopozisyon sa pase tou egzekisyon regleman depans endepandan bay nouvo prensipal avoka nan zafè egzekisyon.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.841